

Demann pou Korije yon Sètifika Desè NYC

Ale sou nyc.gov/vitalrecords pou konnen konbyen tan sa pran kounye a pou nou travay sou demann yo, nan ki etap kòmann ou a ye ak lòt enfòmasyon.

(Tanpri ekri klè epi mete tout enfòmasyon ou kapab nan lang anglè. Fòmilè yo remèt nan lòt lang yo ap mande plis tan pou nou travay sou yo. Se pou gade sèlman w ap jwenn tradiksyon fòmilè sa a sou entènèt — se fòmilè ki nan lang anglè a pou w ranpli nan lang anglè.)

Kiyès Ki Kapab Mande Koreksyon?

Pou mande koreksyon, ou dwe mari/madanm defen an (moun ki mouri a), konpayon/konpay plasaj anrejistre li, ptit li, papa/manman li, oswa frè/sè li oswa deklaran ki sou sètifika desè a, gadyen yon tribunal nonmen, fidisyè a, benefisyè byen yo, oswa moun ki responsab sa yo fè ak kò defen an. Ou dwe gen omwen 18 an tou. Tanpri make sa ou ye pou defen an nan ba paj 4 la.

Enfòmasyon sou Moun k ap Fè Demann nan (Ekri Klè epi Sèvi avèk Lank Nwa Sèlman):

PRENON	DEZYÈM PRENON	NON FANMI	
SA LI YE POU DEFEN AN			
ADRÈS POSTAL		NIMEWO APATMAN	
VIL		ETA	KÒD POSTAL
NIMEWO TELEFÒN PRENSIPAL	LÒT NIMEWO TELEFÒN	ADRÈS IMÈL	

Enfòmason sou Defen an ki sou Sètifika Desè a Kounye a:

PRENON	DEZYÈM PRENON	NON FANMI
--------	---------------	-----------

Kote moun nan mouri (non lopital la/mezon retrèt la/adrès reyèl): _____

Dat lanmò a (mm/jj/aaaa): _____ Minisipalite lanmò a: _____

Nimewo sètifika desè a (si ou konnen li): 1 5 6 - _____ - _____ - _____ - _____ - _____

Kisa ou ta renmen korije sou sètifika desè a? (Paregzanp, dat nesans, nimewo sekirite sosyal, kote li te fèt)	Kijan bagay la parèt <u>kounye a</u> sou sètifika desè a?	Kijan bagay la ta dwe parèt?
Egzanp: Dat nesans	Egzanp: 5/5/1945	Egzanp: 5/25/1945

Enstriksyon

Atansyon: Si se etablisman an oswa doktè a oswa palwa finèb la ki te fè erè a nan 12 mwa apre dat lanmò a, ou dwe kontakte etablisman an oswa doktè a oswa palwa finèb la.

Sèvi ak tablo sa a pou konnen ki dokiman ou dwe bay ansanm ak demann ou an.

Pou kèlkeswa kalite koreksyon an, ou dwe mete yon pyès idantite (identification, ID) ki gen foto ou e ki pa ekspire ansanm ak demann ou an. Pou konn ki kalite ID nou aksepte, gade Tablo B ak C sou paj 4.

Bagay Ki Pou Korije a (yo)	Kalite Dokimantasyon Sètifye Konfòm/Orijinal Moun k ap Fè Demann nan Dwe Bay
Non Legal Defen an	<ul style="list-style-type: none"> Si se etablisman an oswa doktè a ki te fè erè a nan 12 mwa apre dat lanmò a, alòs kontakte etablisman an oswa doktè a. Yo ka soumèt demann koreksyon an elektwonikman. Si sa fè plis pase 12 mwa, etablisman oswa doktè ki gen non li sou sètifikasi desè a oblige bay yon lèt. Lèt la dwe di yo te fè erè nan non an. (Dosye medikal yo gen dwa nesesè tou.)
Rezidans Abityèl Defen an	Nou mande de (2) nan prèv adrès sa yo: lèt yon ajans gouvènman; bòdwo sèvis publik; eta kont ipotèk; kontra lokasyon oswa anfèmay ki gen yon dat ki te gen mwens pase twa (3) mwa nan dat lanmò defen an.
Sèvis nan Fòs Ame Amerikèn	Papye demobilizasyon (DD214), sètifikasi demobilizasyon, oswa yon lèt orijinal ki soti nan men Afè Ansyen Konbatan (Depatman Sèvis pou Ansyen Konbatan NYC)
Sitiyasyon Matrimonyal/ Plasaj oswa Wete/Ajoute Non Mari/Madanm Sivivan an	Papye maryaj sivil, sètifikasi plasaj anrejistre, dokiman separasyon legal, jijman divòs, avi pa gen divòs nan dosye kote defen an te marye a, oswa sètifikasi desè mari/madanm nan si se yon vèv/vèf
Non Mari/Madanm/ Konpayon/Konpay Sivivan an	Papye maryaj sivil, sètifikasi plasaj anrejistre, oswa dokiman separasyon legal
Dat Nesans/Laj oswa Kote Li Te Fèt	Batistè orijinal defen an
Nimewo Sekirite Sosyal	Kat Sekirite Sosyal orijinal la oswa Lèt Administrasyon Sekirite Sosyal la ki montre nimewo sekirite sosyal konplè defen an
Okipasyon Abityèl	ID anplwaye oswa yon lèt travay ki montre non ak djòb defen an
Kalite Biznis oswa Sektè	ID anplwaye, lèt travay, dènye souch chèk peman an(yo), dènye Fòmilè W-2, lisans pwofesyonèl
Edikasyon	Diplòm, lisans/metriz/doktora, lèt yon etablisman ansèyman
Lòt non oswa alyas (AKAs, Also Known As)	Dokiman jiridik tribinal, papye maryaj, batistè oswa lèt palwa finèb la kote li rekonèt li fè erè
Enfòmasyon sou Papa/ Manman yo	Batistè orijinal defen an
Enfòmasyon sou Deklaran an	<ul style="list-style-type: none"> Si w ap wete enfòmasyon sou deklaran an, ou dwe gen yon lòd tribinal ki soti nan men Tribunal Siksesyon ak Titèl Konte New York la. Si w ap korije enfòmasyon sou deklaran an, yon lèt ki soti nan men gouvènman an oswa yon bòdwo sèvis publik, yon eta kont ipotèk oswa yon kontra lokasyon/anfèmay, oswa lèt palwa finèb la kote li rekonèt li fè erè
Enfòmasyon sou Sa Yo fè ak Kò a	Lèt orijinal simityè/krematwa a avèk antèt, oswa retounen nan palwa finèb la
Enfòmasyon sou Palwa Finèb la	Lèt palwa finèb la avèk antèt epi avèk siyati Direktè Ponp Finèb la
Ajoute COVID-19 kòm Kòz Lanmò a	<p>Ranpli demann sa a epi remèt li ansanm ak lèt yon pwofesyonèl medikal ki te trete defen yo nonmen sou sètifikasi desè a.</p> <p>Lèt la dwe gen ladan li: antèt pwofesyonèl la, siyati li, ak nimewo lisans li; dat lè pwofesyonèl la te kòmanse ak sispann tretman defen an; yon deklarasyon pwofesyonèl la ki di kòz lanmò a te gen pou wè ak COVID-19; dapsen enstriksyon Ajans Federal pou Jesyon Ijans la (Federal Emergency Management Agency, FEMA), sètifikasi desè a dwe endike lanmò a te gen kòm kòz, petèt te gen kòm kòz, oswa te siman rive poutèt COVID-19 oswa sentòm ki sanble COVID-19 — lèt la gen dwa gen chwa mo ki sanble sa; ak yon deklarasyon pwofesyonèl la ki di li te revize kòz lanmò ki ekri kounye a sou sètifikasi desè a.</p> <p>Voye demann nan, lèt la, ak tout dokiman obligatwa yo pa lapòs pou: NYC Department of Health and Mental Hygiene, Attention: FEMA Death Certificate Amendment Request, Corrections Unit, 125 Worth Street, Room 144, CN-4, New York, NY 10013. Pou plis enfòmasyon, voye yon imèl pou correctionsunit2@health.nyc.gov, avèk "FEMA burial assistance" (asistans FEMA pou antèman) nan liy sijè a.</p>

Enfòmasyon Enpòtan sou Dokiman Ou Oblije Bay yo

Tanpri li enfòmasyon ki pi ba la a yo epi mete dokiman ou oblige bay yo pou montre sa ou ye pou defen an ansanm avèk demann ranpli a.

Tablo A.

Dokiman Ou Oblije Bay yo pou Montre Sa Ou Ye pou Defen an

Mwen se:	Dokiman Ou Oblije Bay Tout dokiman yo dwe oriinal.
Mari/madanm oswa konpayon/konpay plasaj anrejistre defen an	<p>Dokiman:</p> <ul style="list-style-type: none"> Sètifica maryaj oriinal la oubyen sètifica plasaj anrejistre oriinal la; ak Yon sètifica "pa jwenn divòs" ("no divorce found") kòm rezulta rechèch ke Sekretè chak nan Konte sa yo fè: (1) dènye konte kote defen an te rete a ak (2) konte maryaj la. <p>Obligatwa:</p> <ul style="list-style-type: none"> Non defen an sou sètifica maryaj la oswa sou sètifica plasaj la dwe ekri egzakteman menm jan avèk sa ki sou sètifica desè a. Sètifica maryaj la oubyen sètifica plasaj la dwe gen ladan I non defen an, dat li fèt, ak kote li fèt. Dat nesans defen an ki sou sètifica maryaj oswa sou setifika plasaj la dwe egzakteman menm ak dat nesans ki sou sètifica desè a.
Pitit defen an	<p>Dokiman: Batistè oriinal ou ki montre defen an kòm papa/manman ou.</p> <p>Obligatwa:</p> <ul style="list-style-type: none"> Jan non papa a / manman an ekri a, dat li fèt, ak kote li fèt sou batistè w la dwe egzakteman menm ak sa ki sou sètifica desè a. Si ou te fèt nan vil New York, ou te mèt bay swa kopi batistè a swa senpleman nimewo batistè a. Si ou pa t fèt nan vil New York, ou dwe bay kopi sètifye konfòm batistè ou. Si ou pa t fèt nan Etazini, ou dwe bay yon nòt ajoute (sètifica otantisite) avèk kopi batistè ou, ansanm avèk yon tradiksyon sètifye batistè a si oriinal la pa nan lang anglè.
Papa/manman defen an	<p>Dokiman: Batistè oriinal defen an.</p> <p>Obligatwa: Yo dwe bay non ou kòm papa/manman sou sètifica desè defen an, ekri men jan avèk sou ID ou genyen kounye a oswa sou dokimantasyon ki montre kijan non ou chanje, tankou yon sètifica maryaj sètifye, batistè ou, oswa yon lòd tribinal sètifye pou chanjman non.</p>
Frè/sè defen an	<p>Dokiman:</p> <ul style="list-style-type: none"> Batistè oriinal ou; ak Batistè oriinal defen an. <p>Obligatwa: Omwen youn nan papa a ak manman an ki gen non yo sou batistè defen an dwe menm ak papa oubyen manman ki sou batistè pa w la — non papa a / manman an dwe ekri menm jan an ni sou batistè defen an ni sou pa w la.</p>
Yon gadyen yo nonmen konfòmeman a Lwa sou Pwosedi Tribunal Siksesyon ak Titèl la, Atik 17 oswa 17-A oswa Lwa sou Ijyèn Mantal la, Atik 80	<p>Dokiman:</p> <ul style="list-style-type: none"> Lòd tribinal sètifye aktyèl pou titèl. Dokimantasyon ki montre sa pati ki se eyandwa a ye pou defen an (pou gadyen pati ki se eyandwa a sèlman). <p>Obligatwa: Moun k ap mande koreksyon an dwe gadyen tribunal la nonmen pou defen an oswa pou yon pati ki se eyandwa. Si ou se gadyen yon pati ki se eyandwa, ou dwe bay dokimantasyon oriinal tou pou montre sa pati ki se eyandwa a ye pou defen an (mari/madanm oswa konpayon/konpay plasaj anrejistre, pitit, papa/manman, oswa frè/sè), jan yo dekri yo nan liy ki wo la a yo.</p>
Nenpòt moun ki gen dwa a yon pati nan byen defen an dapre Lwa sou Siksesyon, Manda ak Fidisi Eta New York la § 4-1.1.	<p>Dokiman: Lòd tribinal sètifye.</p> <p>Obligatwa: Yo dwe nonmen ou kòm benefisyè byen nan lòd tribinal sètifye a.</p>

Yon fidisyè ki nonmen kòmsadwa pou byen defen an	Dokiman: Lòd tribunal sètifye. Obligatwa: Yo dwe nonmen ou kòm fidisyè byen nan lòd tribunal sètifye a.
Moun ki responsab sa pou yo fè avèk kò defen an jan sa prevwa nan Lwa sou Sante Biblik Eta New York la, § 4201.	Dokiman: Dokiman ki gen kòm tit "Appointment of Agent to Control Disposition of Remains" (Deziyasyon yon Reprezantan pou Kontwole Sa Yo Fè ak Kò a) epi ki gen siyati defen an, jan li defini nan Lwa sou Sante Biblik Eta New York la, § 4201. Obligatwa: Defen an dwe te ranpli ak siyen dokiman ki ba ou otorite sou sa pou yo fè ak kò li apre lanmò a jan yo eksplike li nan Lwa sou Sante Biblik Eta New York la, § 4201.
Deklaran ki gen non li sou sètifica desè a	Dokiman: ID avèk foto valid ou genyen kounye a avèk non ou ki ekri egzakteman menm jan ak sa ki nan espas "Deklaran" ki sou sètifica desè defen an.

Tablo B. ID Ou Oblige Bay yo

Kategori 1: Dokiman Idantite

Bay **yon sèl** nan dokiman idantite sa yo. Dokiman an dwe gen sou li foto ou ak siyati ou epi li pa dwe ekspire. N aksepte fotokopi sòf si nou endike yon lòt bagay, men yo dwe klè ak fasil pou li.

Lisans kondui oswa kat ID pou moun ki pa kondui	ID inivèsite oswa kolèj avèk dènye relvednòt ou
Kat prestasyon sosyal Eta New York	ID prizònye avèk papye liberasyon ajou
Paspò ameriken oswa etranje ki gen siyati	ID travay avèk yon souch chèk peman ajou
ID minisipal IDNYC	Kat Access-A-Ride NYC
Sètifica natiralizasyon ameriken (se dwe orijinal la)	Kat MetroCard NYC MTA tarif redui
Kat ID militè (se dwe pou moun k ap fè demann nan)	

Tablo C. Prèv Adrès Ou Oblige Bay yo

Kategori 2: Dokiman Prèv Adrès.

Si ou pa gen okenn nan dokiman Kategori 1 yo, bay nenpòt **de (2)** nan dokiman sa yo. Dokiman yo dwe gen yon dat ki pa pi ansyen pase 60 dènye jou yo epi yo dwe montre non ou ak adrès ou. Paregzanp, ou ka bay yon bòdwo telefòn ki gen dat li nan 60 dènye jou yo ak lèt yon ajans gouvènman ki gen dat li nan 60 dènye jou yo tou. Prèv adrès la dwe soti nan men antite diferan. N ap voye batistè w lan pa lapòs nan adrès ki sou dokiman ou bay yo.

Bòdwo sèvis biblik	Kourye gouvènman ofisyèl yo voye pou ou
Bòdwo telefòn	Bòdwo Iwaye (lèt ipotèk oswa anfèmay)
Bòdwo medikal	

Sa Ou Ye pou Defen an

Chwazi ti kare ki montre sa ou ye pou defen an. Gade Tablo A sou paj 3 pou wè ki dokiman ou bezwen bay pou montre sa ou ye pou li.

- Mari/Madanm Konpayon/Konpay plasaj anrejistre Pitit Papa/Manman
- Frè/sè Deklaran ki gen non li sou sètifica desè a Gadyen Tribunal Siksesyon ak Titèl la deziyen an
- Yon fidisyè ki nonmen kòmsadwa pou byen defen an
- Moun ki responsab sa pou yo fè avèk kò defen an jan sa prevwa nan Lwa sou Sante Biblik Eta New York la, § 4201
- Nenpòt moun ki gen dwa a yon pati nan byen defen an dapre Lwa sou Siksesyon, Manda ak Fidisi Eta New York la, § 4-1.1

Atansyon: N ap verifye dokiman yo. Si enfòmasyon ki sou dokiman ou bay yo pa ase oswa si enfòmasyon ki sou dokiman yo pa menm, alòs nou gen dwa mande plis dokiman toujou.

Si dokiman w yo nan yon lang ki pa anglè, ou dwe bay yon tradiksyon anglè. Konsila ki andeyò Etazini ap souvan tradui dokiman ofisyèl yo pou ou. Biwo Eta Sivil Depatman Sante NYC an aksepte tradiksyon nan men sèvis tradiksyon koni.

Konbyen Sa Koute Pou Korije yon Sètifikasi Desè?

Depatman Sante NYC an mande yon peman \$40 ke nou p ap ranbouse pou travay sou demann nan pou korije piò sètifikasi desè (gade pi ba a). Chak sètifikasi korije koute \$15.

Peman pou travay sou demann nan (nou p ap ranbouse li): \$40

Kantite sètifikasi desè korije ou mande yo: _____

Miltiplier pa \$15 pou chak sètifikasi korije egal: \$ _____

Montan total peman an: \$ _____

Tanpri fè chèk oswa manda postal ou a sou non: **NYC Department of Health and Mental Hygiene.**

Nou pa aksepte kach.

Ou pa gen pou peye nan ka sa yo: se etablisman an oswa doktè a ki depoze demann nan; se yon palwa finèb ki depoze demann nan, si w ap ajoute enfòmasyon ki te manke/yo pa t konnen nan 12 mwa apre lanmò a; chanjman nan sètifikasi foskouch oswa sètifikasi tibebe ki fèt tou mour; oswa erè administratif Depatman Sante NYC an fè.

Kijan pou M Depoze yon Demann?

- Ranpli tout enfòmasyon ki sou paj 1 demann sa a.
- Ajoute dokiman orijinal/sètifye konfòm yo, ki nan lis ki sou paj 2 demann sa a.
- Ajoute kopi yon ID ou ki gen foto w e ki pa ekspire, tankou yon lisans kondui oswa yon paspò ki ajou.
- Ajoute yon chèk oswa yon manda postal (\$40 pou nou travay sou demann nan plis \$15 pou chak sètifikasi korije). Pa mete kach.
- Siyen epi mete dat la anba fòmilè sa a avèk lank nwa sèlman.
- Voye pa lapòs pou:

NYC Department of Health and Mental Hygiene

Corrections Unit

Attention: Death Certificate Correction

125 Worth Street, Room 144, CN-4

New York, NY 10013

Siyen Pi Ba a

SIYATI MOUN K AP FÈ DEMANN NAN

DAT

Atansyon: Bay fo idantifikasyon se yon krim e y ap mennen transgresè yo devan lajistis. Se yon vyolasyon lalwa pou w fè deklarasyon ki fo, ki se manti, oswa ki pou twonpe, oswa pou w imite siyati yon lòt moun sou demann sa a. Vyolasyon sa yo se deli e pinisyon an se yon amann ki ka rive jiska \$2,000.

Pou yo ede ou ak koreksyon yo, rele **311** oswa voye yon imèl pou correctionsunit2@health.nyc.gov. Tout fòmilè yo dwe ranpli nan lang anglè, men gèn fòmilè tradui ki disponib sou entènèt pou gade sèlman.